АДÆЙМАГÆН Æ НОМ Æ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆЙ ФЕДАУЙ АДÆМИ ЦÆСТИ!..



*Альфред де Виньи (1797-1863), францаг финсæг: «Поэттæ ци 'нцæ, уомæй уодтæ æма зæрдитæ 'нцæ – алцæмæй дæр бæрзонддæр, ездондæр адæймæгутæ, фал – æхсæнадæй хъодигонд. Цийфæнди хецауадæ дæр си æ уодхæссæг уинуй, уомæн æма етæ æ тæрхонгæнгутæ 'нцæ, рагацау базонунцæ, исонибони фæлтæртæ ци зæгъдзæненцæ, уой...» Аци загъд бæргæ раст æй, æма хецауеуæггæнгутæ сæ еци цæстингас хуæздæрæрдæмæ, цума, ескæд раййевдзæненцæ?..*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№46 (871) 2022 анзи 17 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман




# «ÆЗ ХУÆНХТИ НÆ НИУУН ЕУГУР ДЗÆГЪÆЛ, ÆЗ ИССЕРУН ХУÆНХБÆСТИ МÆХЕ...»

*Ку бахаун хатгай хуæнхбæстæмæ,*
*Цидæр-куддæр ниууй уæд мæ тог.*
*Æз фестун донхауæн къæдзæхтæбæл,*
*Хуæнхаг донау фестун фуррæсог.*
*'Ма мæ кеми æппун нæбал уогæй,*
*Исуй къахнад мæ уод уæд мæнæн.*
*Æй тар медком, æз ба еци уаги*
*Артæн фестун æ еу æрдæфæн.*

*Æрсæуми ба, арвæй ка фæттар уй,*
*Исун еци æстъалуй æмсæр.*
*Раст цума мæ думгæ æ низзари,*
*Исæнтъухта уæлцъонг кумæдæр.*
*Мæ къæхтæй еуварсгæнгæй сифтæртæ,*
*Идзирдæй исуинун арви цъæх.*
*Нæуæгæй исрæуæг уй мæ зæрдæ,*
*Æнгъæлун: нæма бадæн зæрдцъæх.*

*Цидæр тухæ, цидæр исзинзæгъæн*
*Фæккæнуй мин мæ уод уæд дууех.*
*Æз хуæнхти нæ ниуун еугур дзæгъæл,*
*Æз иссерун хуæнхбæсти мæхе...*

* * *

Аци æмдзæвгæ ниффинста Гуржибекти Иринæ (уруссаг æвзагæй æй ратæлмац кодта Колити Витали). Æма æ кæронбæттæни дууæ рæнгъей гъудимæ гæсгæ нæ бон æй федарæй зæгъун: айдагъ хуæнхти нæ ниууй еугур дзæгъæл, фал цардиуаги нæдтæбæл цæугæй, рæствæндаг кæнуй æ рæстзæрдæдзийнадæй, æ уодигъæди федардзийнадæй, æ адæмуарзондзийнадæй... Уомæй си боз æнцæ нæ дзиллæ. Рæхги, 22 декабри ба уæлдай зæрдиаг арфитæ кæндзæненцæ Цæгат Иристони адæмон поэт Гуржибекти Геуæргий кизгæ Иринæн æ юбилейи фæдбæл. Мах дæр ин зæрдиагæй арфæ кæнæн – Иринæ нæ газетбæл уоййасæбæл æновуд æй æма нæ еудадзуг деси æфтауй.

***Абони мухур кæнæн Гуржибекти Иринæн æхе туххæй æрмæг, уæдта е 'мдзæвгитæ (кæсетæ сæ 4-5-аг фæрстæбæл).***

НОМЕРÆН



## Æ КАРНÆ – АЛÆМÆТИ ТАУРÆХЪ

***Устур Фидибæстон тугъди хъазауатон, нæ национ театралон аййевади номдзуд архайæг, ССР Цæдеси адæмон артист Саламти Михаили фурт Къолай райгурдбæл 12 декабри исæнхæст æй сæдæ анзи (1922-2003).***

Æ карнæ æ æгæрон берæ æскъуæлхтдзийнæдти фæрци æцæгæй иссæй алæмæти таурæхъон. Тæбæхсæути Балой номбæл Ирон академион театри анзфинсти æ рохс ном æ исфæлдистади уæлтæмæнадæй финст æрцудæй сугъзæрийнæ дамугъатæй.

Саламти Къолай агъазиаудæр менеугутæй еу адтæй æ адæмуарзондзийнадæ, æма 'й адæм дæр æргомзæрдæй уарзтонцæ. Уæлдайдæр ба – кæстæртæ, уомæн æма син, куд хестæр, уотæ зæрдтагон адтæй æ хуæрзæгъдауæй, æ хуæрзауодундзийнадæй. Еу дæнцæн – Цæгат Иристони паддзахадон университети аййевæдти факультети актерти цæттæгæнæн хайадæ ку байгон æй, уæд æригон фæлтæри æ дæсниади сосæгдзийнæдтæбæл ахур кодта. Исгъомбæл кодта артистти æма режиссерти цалдæр фæлтæри. Сауæнгæ æ рамæлæти бонмæ кади хæццæ хаста университети профессори ном. Мадта не 'стур бæстæ ку фехалдæй, адæм æнæ сæрбосæй уæди цардиуаги æрра фæлхъæзæнти амæттаг ку бацæнцæ, уæддæр Къола æ Райгурæн бæсти цитгин историон цаутæбæл не 'сустурзæрдæ 'й, кедæрти хузæн æ партион билет бугъгалæнтæмæ нæ низзуввут кодта, багъæуай кодта рæстуод коммунисти ном, æргомæй хаста æ тугъдон, фæллойнадон æма исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй ин Советон Цæдеси номæй ци берæ хуæрзеугутæ аккаггонд æрцудæй, уони æ царди фæстаг бæнтти уæнгæ.

Гъе уомæ гæсгæ абони дæр, Саламти Къола не 'хсæн кæд нæбал æй, уæддæр ин нæ дзиллæ æ рохс ном зæрдиагæй имисунцæ. Уомæн æвдесæн – æ райгурдбæл сæдæ анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл ин æ уарзон Ирон театри ци номерæн изæр арæзт æрцудæй, е дæр.

***Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.***

Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæм фæйнæхузон цæмæн æнцæ? Уомæн, æма еуетæ раздæр гъуди фæккæнунцæ, уæдта – дзоргæ æма кæнгæ, иннетæ ба раздæр дзоргæ æма кæнгæ, уæдта – гъуди...» Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума еци дуккæгти хузæн æнцæ, нæ абони цардиуагæ кæмæй аразгæ 'й, еци хецауеуæггæнгутæ дæр.***

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ



Цæгат Иристони æрæги кадгин уавæри байгон æй аэропорт «Дзæуæгигъæу»-и авиабастдзийнади нæуæг терминал. 2020 анзи декабри райдæдта æ арæстадæ æма абони уæлдæфон бæлццæнттæн лæггадæ кæнунмæ 'й цæттæ. Нæуæг бæстихай дзуапп дæттуй нуриккон домæнтæн. Зæрдæмæдзæугæ 'й е 'ндаг бакаст, райдзаст æма парахат æнцæ дууæ уæладзуги дæр. Адæми уодæнцойнæн си арæзт æрцудæй еугур гъæугæ равгитæ дæр. Нæуæг терминал байгони фæдбæл мадзали архайгутæн комкоммæ цæстуингæ бастдзийнади фæрци райарфæ кодта Уæрæсей Президент Владимир Путин. Мадзали архайдтонцæ нæ республики нури æма раздæри Сæргълæугутæ Сергей Меняйло æма Битарти Вячеслав.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



Эпидемиологон уавæр ке фæттæссагдæр æй, уомæ гæсгæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити зиннун байдæдтонцæ гъуддаг лæдæрунгæнæн æрмæгутæ. Зæгъæн, зундгонд дохтир – инфекционист Евгений Тиманови гъудимæ гæсгæ бæсти эпидемиологон уавæри уодзæнæй гриппи æртæ уолæни. Æ дзубандимæ гæсгæ нуртæккæ цæуй фиццаг уолæн, нæуæг анзи фæсте – дуккаг, феврали кæрони – æртиккаг. Уалдзæгмæ уодзæнæй æртæ уолæни. Нуртæккæ незгунти бæрцæбæл æфтуйуй, æртæ къуæрей фæсте грипп æ ирæзт бауорамдзæнæй. Инфекционист ма куд зæгъуй, уотемæй дуккаг æма æртиккаг уолæнтæ сабурдæр уодзæнæнцæ. Гриппи алли хузæн дæр ес æхе иммунитет, цалдæр хатти дæр гриппæй фæссæйгæ уæн ес.

## ГÆРЗЕФТОНГ ТУХТÆ



Уæрæсей æфсад Украини сæрмагонд тугъдон операци ке æнхæст кæнуй, уомæ гæсгæ æ рæнгъитæмæ фæсевæди нæуæг фæлтæри фæдздзурди гъуддаг фæстæдæргонд æрцудæй – райдæдта фиццаг ноябри. Дзæуæгигъæуи æфсæддон комиссар Бегизти Роберт куд зæгъуй, уотемæй мах фæсевæдæй кæмæ фæдздзордзæнæнцæ, етæ æрвист цæудзæнæнцæ Хонсайраг æфсæддон зилди Уæлдæфон-десантон, фестæг æфсади, Национ гвардий, спортивон, зонадон хайæдтæмæ. Иристойнаг лæхъуæнтæн сæ фулдæр сæ ихæс æнхæст кæнунмæ æрвист æрцæудзæнæнцæ Мæску, Санкт-Петербург æма Сахалинмæ. Никки нури фæдздзурди фæсевæд сæрмагонд тугъдон операций нæ архайдзæнæнцæ.

## ХАБÆРТТÆ, ЦАУТÆ...

**Дзæуæгигъæуи сæрмагонд нæуæганзон трамвай цæун райдайдзæнæй декабри кæрони æма аци аргъауи бæлццæнттæ ласæн транспортон мадзали лæвар рабалцигæнæн уодзæнæй зуймон каникулти кæронмæ.**

* * *

Тогдæттæн станци бабæй исаразтонцæ фæткон еугуруæрæсеуон акци «Мах еумæ ан». Ервæзунгæнæги Бони (бæрæггонд цæуй 27 декабри) донортæ иссæнцæ æнæнгъæлти цаути министради дæс æма инсæй косæги. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма тогдæттуни гъуддаги Цæгат Иристонæй архайгути бæрцæ 'й тæккæ фулдæр Цæгат-Кавказаг федералон зилди.

* * *

**Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2023 анзи Мæздæги районы райдайдзæнæнæцæ аразун нуриккон домæнтæмæ гæсгæ ефтонггонд агрокомплекс. Уой фæрци фæззиндзæнæй равгæ гъæууонхæдзарадон хомаг æлхæнун, æ дарун æма си цæттæ продукци районы медæгæ уадзунæн. Гъæуама си уа 170 косæн бунати.**

* * *

Дигори районы Мостиздæхи гъæуи администраций сæргълæууæг Туккати Рустами загъдмæ гæсгæ, 2024 анзи сæмæ гъæуама арæзт æрцæуа культури Хæдзарæ. Аци гъуддаг ахсгиаг æй аци гъæубæстæн, уомæн æма Мостиздæх нимад æй районы тæккæ фæккæсуйнагдæр гъæутæй еуебæл: нæ си ес нæдæр культурон артдзæстæ, нæдæр спортивон зал æма сувæллæнттæн гъазæн фæзæ æма æндæр уæхæн равгитæ. Æма сæмæ кæдимайди ба фæззинниуонцæ уæддæр федералон программити фæрци.

* * *

**Цæгат Иристони сабийти æма фæсевæди ацъагъуæ æма искурдиадæ бæрæг кæнуни, райрæзти фардсарди центр «Вершина»-йи æрæги арæзт æрцудæй ахурдзау фæсевæди хеунаффæйади фиццаг форум. Æрæмбурд си æнцæ хестæр къласти ахурдзаутæ, сувæллæнтти æзмæлди сæрæндæр архайгутæ. Уонæн арæзт æрцудæй аллихузон ахуртæ, фæцæй син фадуат сæхе æргъудигонд проекттæ багъæуай кæнунæн.**

* * *

Дзæуæгигъæуи фæззиндзæнæй медицинон реабилитаций амбулаторон хайадæ. Уой туххæй æмархайди бадзурд исаразтонцæ нæ республики Хецауадæ æма æхсæнадæ «Премиум-строй-Инвест». Аци центри агъазгонд цæудзæнæй цалдæр хузи незтæй сæйгæ адæймæгутæн (еци незтæ уруссагау хуннунцæ: «Заболевания опорно-двигательного аппарата, а также центральной и периферической нервных систем...)



# «КОНСТИТУЦИ МАХ НÆХУÆДТÆ АН!..»

Ауæхæн гъудийæй нæ республики Парламенти сæрдар **Тускъати Таймораз**, æрæги ин нæ уæлдæр ахургæнæндæнтти студентти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми фæббæлвурд кодта нæ Конституций агъазиаудзийнадæ не 'хсæнадæн дæр æма ни алкæмæн дæр.

Аци мадзал арæзт æрцудæй Уæрæсей Федераций Конституций Бони. Уомæ гæсгæ ба Тускъай-фурт фембæлди архайгути зæрдæбæл æрлæууун кодта нæ Фидибæсти алли рæстæгути Конституцитæ федар кæнуни фæдбæл хабæрттæ. Куд зонæн, уотемæй нуриккон Уæрæсей нури Конституци ист æрцудæй 1993 анзи 12 декабри еугурадæмон референдуми.

– Нæ бæсти Конституци нин æй нæ царди уагæвæрд, уоми федаргонд æнцæ нæ паддзахади, нæ хеуæнтти, хæстæгути нæ нури æма исонибони цардиуагæ фæрнæйдзагæй аразунæн гæнæнтæ æма равгитæ, – загъта Парламенти сæрдар. – Махæн ба нæ еумæйаг ихæс æй хуарз ахур кæнунæй, æновуд фæллойнæй æма хуæрзæгъдауæй нæ хестæрти æнтæстдзийнæдтæбæл никки зингæдæр æнтæститæ æфтаун.

Фембæлд рахаста дууæ сахаттемæй фулдæр, æма æ архайгутæн – етæ ба адтæнцæ исуйнаг экономисттæ, юристтæ, журналисттæ – адтæй фадуат аллихузон фарстатæ раттунæн. Цæмæдесаг син адтæнцæ парламентарити кусти сосæгдзийнæдтæ, фæсевæдон политики фарстатæ, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити архайд, цензури уавæр, туристон къабази ирæзт...

Циуавæр уодзæнæй нæ бæсти æма нæ республики исонибон, зæгъæн, æноси æрдæги фæсте, зæгъгæ, ку бафарстонцæ Тускъати Таймораzi, уæд æ дзуапп адтæй: Иристон уодзæнæй Уæрæсей Федераций ахедгæ хай, æ цардарæзт уодзæнæй зæрдæмæдзæугæ:

– Алли бийнонтæ дæр си цæрдзæнæнцæ амондгун æма фæрнæйдзагæй, сæ бон уодзæнæй сæ уодæн æхцæуæн кустæй архайун æма сæ фæллойнæн аккаг мизд есун, рацæргæ адæм уодзæнæнцæ хуæрзрæвдуд, нийиергутæн уодзæнæй еугур равгитæ дæр сæ цæуæти æвæлмæцгæй гъомбæл кæнунæн, сæ исахур кæнунæн. Иристон уодзæнæй раззагдæр бунати, науки, культури æма æндæр къабæзти никки уæлиаудæр бæрзæндтæмæ исхездзæнæй... Æма цæмæй æцæгæйдæр уотæ уа, уой туххæй ба ни алкедæр абони æ ихæстæ гъæуама æнхæст кæна æновудæй, рæстзæрдæй...

Фембæлди æнæбафæрсгæ нæ фæцæнцæ, политикон карьерæ кутемæй райдайун гъæуй, уой туххæй дæр. Æма Тускъай-фурт æ дзуаппи уотæ загъта:

– Хецаудзийнади еуварсæй бакасти хиццагдзийнадæ уæ гъæуама ма фæссайа. Ес си уæхæн фæззелæнтæ, æма сæ дæхецæн рагацау ку нæ исбæлвурд кæнай, уæд тæссаг æй, уой фæсте дин дæ бæлдæ ку фæффæсмойнаг уа... Уомæ гæсгæ ба дæхецæн дæ карни гъуддаг гъæуама равзарай арф рагъуди кæнгæй. Ци гъуддаг равзарай, уоми дæ дæснидзийнадæ гъæуама бæрзонд уа. Рæуæг нæдтæ ма агоретæ, хуæздæрти фæнзетæ. Уæлдай нæй, юрист, политик, хуæнхон мастер уай, сæйрагдæр – фиццагкъласон специалист æма рæстзæрдæ адæймаг гъæуама уай.

Царди цæмæ бæллуй, зæгъгæ, уой туххæй ба Тускъати Таймораз загъта, гъома, æ бæлдæ 'й хумæтæг: цæмæй рæстуодæй базæронд уа, æма æ алливарс уонцæ аккаг кæстæртæ, уодварни бундортæй гъæздуг, царди раст нæдтæбæл ка цæуй, уæхæнттæ.

Фембæлди кæрони Парламенти Сæрдар æ фæсевæдæн бафæдзахста, цæмæй сæ царди сæйраг закъон сæхуæдтæ финсонцæ сæ цардиуагæй, сæ карни арфиаг хабæрттæй. Се 'нтæстдзийнæдтæ ба уодзæнæнцæ республики æма бæсти хуарзæн.

– Æдзæстхезæй цæун гъæуй Конституций финст уагæвæрдтæй бæлвурдгонд нæдтæбæл – лæдæрд уин уæд е, æма уони фæрци нæ абон дæр æма нæ исонибон дæр уодзæнæнцæ фæрнæйдзаг.

## ЗОНУЙНАГ

### ДЗУРДИ ФАРНÆ – АДÆМИ АМОНДÆН!..

Нæ республики мухур æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути комитет игъосун кæнуй, хуæздæр журналистон кусти туххæй Цæгат Иристони Сæргълæууæги аллианзон преми райсуни фæдбæл конкурс ке райдæдта, уой.

Конкурси нисанеуæг æй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ирæзтæн агъаз кæнун, уæдта мухургонд æрмæгути хуæрзгъæдæдзийнадæ æма журналистти дæсниади къæпхæн фæуууæлдæр кæнун.

Преми лæвæрд цæуй мæнæ уæхæн номинацити:

«Анзи темæ Уæрæсейи» – 2022 анз – Уæрæсей адæмти культурон бунти анз;

«Кадæ æма намус» – æхсæнадæбæл æновуд адæймæгути æма æскъуæлхтдзийнæдти туххæй мухургонд æма æндæр информацион æрмæгутæ, тугъди æма фæллойни ветеранти, социалон уагæй бæрнон кустуæтти, уæдта гуманизми уагæвæрдти туххæй очерктæ;

«Исонибон» – национ проекттæ Иристони куд æнхæстгонд цæунцæ, уобæл дзорæг мухургонд æма нæ республики идарддæри æнтæстгин райрæзти фарстати фæдбæл æндæр информацмион æрмæгутæ;

«Коррупций нихмæ» – адæм коррупций цаутæ æвзæрбæл цæмæй нимайонцæ – æхсæнади медæгæ коррупцион фæззиндтитæ бæлвурдгæнæг æма еци æверхъаудзийнадæ искунæг кæнунæн агъазгæнæг мухургонд æма æндæр информацион æрмæгутæ;

«Еукæнуйнадæ» – Цæгат æма Хонсар Иристони информацион еудзийнадæ ка федар кæнуй, Республикæ Хонсар Иристони журналистти уæхæн мухургонд æма æндæр информацион æрмæгутæ;

«Финсæнгарзи фæлварæн» – Цæгат Иристони хуарзæрдигæй равдесунæн ка агъаз кæнуй, цийфæнди информацион-коммуникацион фæрæзнити парахатгонд 25 анземæй кæстæр æригон журналистти (уой хæццæ – уæлдæр ахургæнæндæнтти студентти) æнæпрофессионалон æрмæгутæ;

«Патриот» – патриотон гъомбæлади, æфсæддон æхсарæ парахат кæнуни æма æцæг хæзнадзийнæдтæбæл æновуд уни фарстатæмæ бардарæг мухургонд æма æндæр информацион æрмæгутæ (уой хæццæ, сæрмагонд æфсæддон операци Украини æнхæст кæнуни темæбæл дзубанди кæми цæуй, уæхæнттæ).

Конкурсон куст æма конкурси архайуни фæдбæл курдиадæ аци анзи 21 декабри 23 сахаттей æмгъудмæ барветун гъæуй электронон пости мæнæ уæхæн адресмæ: Konkurs@kpmk15.ru

**Зундгонд финсæг æма публицист Гибизти Сергейи фурт Руслани райгурдбæл 23 декабри æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анз (1937-2009).**

## НÆ УÆЛИНДЗÆЙ КÆСГÆЙ...



# ÆНГЪÆЛДЗАУ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСУНÆЙ НÆ ФÆЛЛАЙУЙ...

Нæуæг анзи къæсæрбæл ни, æвæдзи, алкедæр æнгъæлдзау фæууй – ка мæ цæмæй барæвдаудзæнæй, зæгъгæ. Уæлдайдæр ба нæ бæлдæ фæууй, кæдимайди ба нин нæ хецаудзийнадæ нæ зæрдитæ барохс кæнидæ, нæ цардиуагæ кæмæй фæххузæнондæр уодзæнæй, уæхæн хуарздзийнæдтæй.

Æма уæхæн æхцæуæн хабæрттæй еу æй: нæуæг, 2023 анзи райдайæни ниййерæги капитали бæрцæ фæффулдæр уодзæнæй. Фиццаг сувæллони райгурди фæдбæл биййонтæн лæвæрд цæудзæнæй 590 мин соми, дуккаг сувæллони райгурди фæдбæл ба – 780 мин соми. Уой хæццæ ба ма нæуæг анзи 1 февралæй фæстæмæ инфляций бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ фæффулдæр уодзæнæнцæ сахъат адæймæгутæн æма ветерантæн нисангонд феддонти бæрцæ.

Иннæ æхцæуæн хабарбæл ба гъæуама бацийнæ кæнонцæ æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади кæцидæр къабæзти косгутæ. Уæрæсей хецауади сæрдари хуæдæййевæг **Татьянæ Голикова** куд фегъосун кодта, уотемæй 2023 анзи районти сæйгæдæнтти косæг дохтиртæн сæ мизди уæлæнхасæн ма алли мæйæ дæр фист цæудзæнæй 18,5 мин соми. Астæуккаг къабази медицинон косгутæн уæхæн феддон уодзæнæй 8 мин соми, фельдшертæн – 7 мин соми, кæстæр медицинон персоналæн – 4 мин соми, райдайæни къабази дохтиртæн уæлæнхасæн феддон уодзæнæй 14,5 мин соми, тагъд медицинон агъази дохтиртæн ба – 11,5 мин соми.

Аци гъуддаг арæзт ке 'рцæудзæнæй, уобæл, махмæ гæсгæ, еугурæйдæр гъæуама арази уæн – æцæгæйдæр, нæ медицинон косгутæ сæ хъиамæттæмæ гæсгæ аккаг æнцæ, цæмæй син сæ фæллойнæн хузæнон аргъгонд цæуа.

Фал уой хæццæ ба иннæ къабæзти косгутæ, кæцитæн бустæги нецæйфиаг улупатæ фист цæуй, уæхæн хуарздзийнадæй уæддæр еуцæйбæрцæдæр фæххайгин уодзæнæнцæ æви нæ... Æрæги Уæрæсей Президент **Владимир Путин** хецауадæн байхæс кодта, цæмæй 2023 анзи январи бюджетон къабæзти косгутæн сæ мизд индексацигонд æрцæуа. Куд загъта, уотемæй æргътæ зингæ исирæзтæнцæ, æма уæхæн индексаци æнæмæнгæ гъæуй. Æма нæ бæсти финансти министр Антон Силуанов зæрдæ 'вæруй, индексаций бæрцæ аст проценти ке уодзæнæй, уомæй.

Айразмæ æнзти дæр уæхæн индексацитæгонд цудæй, фал... федералон бюджетæй улупа кæмæн фистонцæ, уонæн. Регионти бюджетон косгутæн ба сæ миздбæл гъæуама æфтудтайуонцæ бунæттон бюджетæй. Æма уонæн уæхæн равгитæ сæ кадавари фудæй нæ уидæ. Еузагъдæй, рауайидæ советон доги гъазæн загъди хузæн. Цæветтонгæ, еу гурдзиаг лæг хъæбæр бахъонц кодта, гъома, коммунизм Гурдзий нæ уодзæнæй, зæгъгæ. Цæмæн дæмæ уотæ кæсуй, зæгъгæ 'й, ку бафарстонцæ, уæд нийнæфтæй: «Мæскуй уотæ ку зæгъунцæ: «Коммунизм не за горами...» Гъе уотемæй, регионти бюджетон косгутæ æнæ нецæмæй райзайиуонцæ.

Нур, æвæдзи, уавæр зæрдæмæдзæугæдæр рауайдзæнæй, уомæн æма Владимир Путин байхæс кодта, финансон агъазгъæуагæ ци регионтæ 'нцæ, уонæн федералон бюджетæй цæмæй радех кæнонцæ гъæугæ финансон фæрæзнитæ. «Еци гъуддаг исаразун гъæуй анзи райдайæни», – уæхæн æй æ загъд.

Нур цубурæй нæ республикон бюджети туххæй. Аци фарстамæ æрæги æркастæнцæ нæ Парламенти æмбурди. Уоми финансти министр **Исахъти Олег** куд загъта, уотемæй æййивд цæунцæ 2022 анзи бюджети бæрæггæнæнтæ, уомæн æма федералон бюджетæй лæвæрд æрцудæй, федуйнаг ка нæ уодзæнæй, уæлæнхасæн уæхæн фæрæзнитæ – 1 миллиард 357,5 миллион соми. Уонæй 646,4 миллион соми дехгонд æрцæуудзæнæй бунæттон бюджеттæ исæмхузон кæнунæн агъазæн, 336,2 миллион соми – 3-7-анздзуд сувæллæнттæн аллимæйон бафиститæн, 85,6 миллион соми – æртиккаг æма уомæй фулдæр сувæллæнттæ кæмæн райгура, уонæн аллимæйон бафиститæн, 128,4 миллион соми – хори културти кустгæнгутæн агъазæн æма ма берæ аллихузон субсидитæн æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, ахуради æма цæрæнуатон-коммуналон къабæзти. Уомæй уæлдай, уæлæнхасæн федералон агъази фæрци бюджетон къабази косгутæн анзи кæронмæ лæвæрд æрцæуудзæнæй сæ мизд декабрæн, фæффулдæр уодзæнæй РЦИ-Аланий Хецауади фæстауæрци фонд, уæдта социалон нисанеуæги ахсгиагдæр æма фиццаградон хæрзтæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ЦАРДИ ДÆМÆ ЦИ НÆ ХАУЙ, УОЙ МА АГОРÆ?..

Еу кадæр иннемæ уотæ дзоруй: «Цæмæдесагæй цæрун хуарз æй!..» Æма ин е дæр загъта: «Хуарз цæрун ба цæмæдесагдæр æй!..»

Æцæгæйдæр, æнæмæнгæ гъæугæдзийнæдтæй æнхæст цардмæ ба ка нæ бæллуй!.. Æма социологтæ уæрæсейæгтæй, уæ материалон уавæр абони циуавæр æй, зæгъгæ, ку бафарстонцæ, уæд сæ цуппæрæймаг хай (23%) кæд арази 'нцæ сæ уавæрæй, уæд алли фæндзæймаг ба си (19%) æнцæ зингомау финансон уавæри. Сæ цардгъондзийнадæй фулдæр райгонд æнцæ фæсевæд, æхцай нæхъæртондзийнадæй фулдæр гъаст кæнунцæ 40-60 анзей кари адæм. Æрфарст адæмæй айдагъдæр сæ 7%, сæ загъдмæ гæсгæ сæ материалон равгитæ фæстаг 2-3 мæйеми фæххуæздæр æй (еци бæрæггæнæн, фарикон августи бæрцæй дууæ хатти минкъийдæр æй), алли цуппæрæймагæн (25%) ба фæллæгъуздæр æнцæ, 66% ба байзадæнцæ раздæри хузæнæй. Хæстæгдæр анзи хуæздæр æййивддзийнæдтæбæл сæ зæрдæ дарунцæ æрфарст адæми 21%, сæ 16% тæрсунцæ фæммæгурдæр унæй, 38% ба æгириддæр неци æййивддзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ.




## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Еууæхæни еу паддзах æ фæсдзæуинтти хæццæ, æ сагæлвæст бæхбæл гъазгæй, хъеллау кодта сахари гъæунгти. Адæм сæ хæдзæрттæй райвулдæнцæ, цæмæдесæй сæмæ кастæнцæ. Паддзах сæ размæ ку æрбахъæртидæ, уæд сæ уæргутæбæл æрлæууиуонцæ. Æцæг еу мæгургор æ бунатæй æзмæлгæ дæр нæ фæккæнидæ. Паддзах æй æрæстæфтæй æма æ фæсдзæуинттæн уотæ, уартæ, дан, еци лæги ардæмæ æрбакæнайтæ. Æрбакодтонцæ 'й. Паддзах æй фæрсуй, адæм, дан, мæ рази сæ уæргутæбæл ку 'рлæуунцæ, уæд ду уойиасæбæл ка дæ, уони цæмæннæ фæнзис.

Мæгургор ин уотæ:

– Атæ дин дæ бæрзонд бадæн, дæ ес-бес, де 'хцати рази æргубур кæнунцæ сæ сæртæ. Хуцауæй боз, уæхæнттæй мæнмæ еу дæр нимади нæй. Мадта син уæд цæмæн гъæуама ковон мæ сæрæй, цæмæн гъæуама æрхауон мæ уæргутæбæл? Гъе, фал дæуæн ци дууæ паддзахи ес, етæ мæнæн ба мæ цагъартæ 'нцæ.

Паддзах фурмæстæй рафæлорс æй æма фæгъгъæр ласта:

– Ци зæгъунмæ гъавис уомæй?

– Дæуæн дæ хецæуттæ Маст æма Зудæ 'нцæ. Мæнæн ба етæ мæ цагъартæ 'нцæ...

Паддзах балæдæрдтæй, лæг æцæгтæ ке дзоруй. Æ бæхæй æрхизтæй æма лæгæн æ сæрæй нил-лæг ракувта.

* * *

*Нæ нуриккон «сæрдартæмæ» уæхæн лæдæрундзийнадæ, цума, нæ разиндзæнæй, уотæ уæмæ нæ кæсуй? Ка 'й зонуй, сæхуæдтæ дæр лæдæрунцæ, цæйбæрцæбæл сахъат æнцæ мастхæссунæй æма зудæдзийнадæй. Фал си сæхе нæ евдæлон кæнунцæ, уонæн е сæ тоги æй æма æндæр хузи цæрунгъон æгириддæр нæ 'нцæ.*



**ЕВРИПИД, рагон бердзенаг драматург: «Къарол гъæуама æ зæрдæбæл дара æртæ дзаумаи: разамунд адæмæн ке дæттуй, гъæуама син разамунд закъонтæмæ гæсгæ куд дæтта, æностæмæ разамунд ке нæ дæтдзæнæй...»**

* * *

Аци фæдзæхстæн нæ нуриккон «къаролтæ» фиццаг дууæ зундамунди, куд æй уинæн, уотемæй уойиасæбæл нимади нæ 'нцæ, фал æртиккаг ба сæмæ «багъардта». Рæстæгмæ хецауеуæггæнæг ке 'нцæ, уой лæдæргæй, сæ рæстæгæй æгæрдæр ма пайда кæнунцæ – ци гæнæн æма син мадзал ес, уомæй хæлæф кæнунцæ еугурадæмон есбонадæбæл.



**ПЛАТОН, рагон бердзенаг философ: «Адæмтæ амондгун уæд уодзæнæнцæ, æма æцæг философтæ ку уонцæ паддзæхтæ, кенæ ба паддзæхтæ ку уонцæ æцæг философтæ...»**

* * *

Магъа-магъа... Фæссоветон доги нæмæ аллихузон философтæ æма «разагъди» экономисттæ бæргæ рападдзæхтæ 'нцæ, фал амондæй ба бустæги фенæхæй ан. Уомæн æма сæ «философи» адтæй: «Алцидæр нæхецæн æма нæ хъозæнттæн. Адæмæн ба? Ма етæ ба ма ка 'нцæ?..»



**Мохандас ГАНДИ (1869-1948), индийаг национ-сæребарæгæнæг æзмæлди раздзæугутæй еу: «Адæймаг æма æ миутæ – бустæги фæйнæхузон дзаумæуттæ...»**

* * *

Æцæгæйдæр, ес уæхæн игурдтæ, æма е 'гъдауæй, æ дзубандитæй зæрдæмæдзæугæ фæззиннуй. Фал, зæгъæн, хецауи бунати æрбадтæй, æхсæнадон, уæлдайдæр ба мулкити хæццæ баст гъуддæгутæн æ бæрни иссæнцæ, уæд бустæги фендæрхузон уй: мулкдзæстæ, æнæнвæрсон, æдзæстуарзон, хийнæйдзаг фестуй. Еузагъдæй, зиндтæй куд изæд, фал ибилис разиндтæй...

Зундгонд драматург, Уæрæсей Федераций културæи æскъуæлхт косæг Хубецти Василийи кизгæ Раиси райгурдбæл 25 декабри æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-2002).

***Мæ фурт мæ сабий уогæй бафарста: «Силгоймæгтæ нæлгоймæгтæй ædулидæр æнцæ?..» Æма ин, нæ ’нцæ, зæгъгæ, дзуапп ку равардтон, уæд мæ нæуæгæй рафарста: «Мадта уæд кæрæдзей хæццæ шахмæттæй цæмæннæ гъазунцæ?.. Ци ин загътайнæ? Æцæгæйдæр, спорти кæцидæр хузти хецæнæй ке ерис кæнунцæ, е раст æй, уæд шахмæтти***

# ГУРЖИБЕКТИ Иринæ:

# «Агорун æз уæхæн дзурдтæ, зæрдитæн уодæнцойнæ ка радта!..»



## НÆРТОН ДЗУРД

Цитгин фæлтæр, даретæ уæ зæрдæбæл
Рагон нартæ, фиддæлти зунди сконд:
Цудæй Сослан æстæри мæрдтæмæ дæр,
Цæмæй æ бæсти кадæ уа бæрзонд.

* * *

Стих финсун æз, поэмæ, æндæртæ,
Кæцæй ба нæ игъосун сæ гъæртæ,
Фал æппун ка некæд ниффинста рæнгъæ дæр,
Етæ махæй æнцæ поэтдæртæ.

* * *

Нæ бауодзæй æ бон тæрхъосæн лæг исун,
Нæ фæразуй берæгъ лæги ауæ хæссун,
Æрмæстдæр адæймагæн æрдзæй лæвæрд æй,
Сирди цардæй цæрун, сирди цари лæсун.

* * *

Неци ес æносонæй, – зæгъуй æмбесонд,
Æй адзал дæр кæд баст хуæрзусмæбæл.
Фалæ кæд æцæгæй дæр уотæ ’й æрдзи конд,
Æносон ма цийиес уæд зæнхæбæл?

## ФÆДЗÆХСТ

Мах ан еу зæнхæбæл цæрæг,
Устур Хуцауæн æ зæнæг.
Æгас дуйнети листæг хай,
Ци дехтæ кæнæн уæд моргай?
Гъæйдæ, ниддех кæнæн нæ гъар,
Нæ гъуди, уарзт æма нæ зар.
Гъæйдæ ниддех кæнæн нæ зин,
Не ’хсæн, нæ цæнхæ, нæ кæрдзин.
Содзæд нæ зунд, тухæ уæд саст,
Тавæд нæ арвæй хорискаст.
Мах ан еу денгизи æртæх,
Нæ сæрмæ арв уæд алкæд цъæх!..

* * *

О, цæйбæрцæ æнцæ æмдзæвгитæ,
Æмпурсунцæ думги ниццæфау.
Сæдæанздзуд лæг дæр æ рæнгъитæ
Исфæлдесдзæй еу бон æнæ фау.

Сонт кæстæр, æ урокти æмбойни,
Искæнун ка не ’ндеуй еу сум.
Е дæр ма сосæггайти альбоми
Бафæразуй æ уарзт ниффинсун.

Æррæфтадмæ ихæлд уæрдундони,
Æ уæларт æ цумуйнаг фицгæй.
Пъовæр дæр ма, кæсгæй, æ цигони
Цидæр рæнгъæ уæддæр ниууиндзæй.

Ци бæллах æй? Цæми ’й нæ мизези?
Цæрæццаг нæбал ан нæ сонтæй.
Фæллигъдæй ни идардмæ поэзи, -
Рæнгъæ уæддæр гъаруй фæсонтæй.

## МÆ ХУÆНХБÆСТÆ

Кæд хуæнхтæ райвазтонцæ сæ тæрттæ,
Хори тунтæ надæн æ фусун...
Кæд дзенет байгон кодта æ дуæрттæ,
Кæд сарæхсдзæн уой хузæ ниффинсун.

Уайгæ донæн арф кæмтти е ’нсарæн,
Еу дзурдæй ке бон æй зæгъунгъон.
Ами дортæн – адæмау се ’фсарæ,
Ами адæм раст риндзау – бæрзонд...

* * *

Нæ хед цæхгун, цæхгун фæууй нæ хуæрдæ,
Æнæ цæнхæ нæ цард уидæ æнадæ.
Æрмæст ци загъд саразæн мæстгун зæрдæй,
Е нин макæд искæнæд цæнхи адæ.

* * *

Махмæ лæг рамарун – хуннуй фудракæндæ,
Лæг ба кæд кодта маргъ фехсунбæл дувæндæ.
Цума ни кæд ка фегъуста тауи гъæрзун, –
Нæ къæхти буни арæх ке нинсæндæн.

* * *

Уадзæ рохс кувдтитæ гуппгæнгæ киндзхасти,
Уадзæ тухст рæнгъитæ де ’мгарæн æ хисти,
Фæнди æрбамæлæ, уоси фарсмæ æрхусти,
Еунæг æй адæймаг.

Бадæ тъунсгæ – нæмгæ трамваййи вагони,
Фæнди хонхи цъонгбæл, лæуuæ е перрони,
Фæнди нифси тунтæй байдзаг уæд дæ ронæ,
Еунæг æй адæймаг.

Цæрæ сау мæйдари, кенæ идзирд рохси,
Фæнди мин гъæлæси игъосæ фалдзоси,
Уарзтæй фæххецæн уо, нивæй хайгин æноси,
Еунæг æй адæймаг.

## ÆНÆХУССÆГÆЙ

Цидæр æнахур тар ауyæнттæ
Мæ царæбæл.
Тæдзуй æхсæви æнæуyæнкæ
Мæ зæрдæбæл.
Æмир гъосадæн кæд æрцæудзæй
Цума кæрон.
Цума зиндонæ кæдмæ кæндзæй
Æ сау кæнон.
Гъавун цæститæ цæрæццагæй
Æз æхгæнун.
Гъавун: цийиес ци царди уаги,
Уой фæууинун.
Фæндуй мæ бонæн æ уацарæй
Фæйиервæзун.
Фалæ æ хъистæй нæ дуарæн
Ледзуй мæ фун...

* * *

«Дæ бакаст дæхецæй аразгæ ’й», – мин зæгъунцæ,
Дзæгъæли мæ цума сæ унаффæй дæмунцæ.
Хуцауæн, мæн аразгæй, ци нæ бацæй æ бон,
Уой æз ба кутемæйти нур бауон æнхæстгъон.

* * *

Ку бакæна æ роль актер, гъазгæй, æнхæст, -
Цæсгонæй æрсæрфдзæй æ хуарæнти исæрст.
Фал кутемæйти ес æрæхснæн æ цæсгон
Кæмæй æй еудадзуг агъодæй æмæмбæрзт.

* * *

Нæуæг ирон, æхцагин уруссагæн
Цæугæй балций сæ буни лигъзвæндагбæл –
Лæдæрд дæр нæй, ке калдæй уобæл тог
Зæронд ирон, æ кари уруссагæн.

***Æмдзæвгитæ уруссаг æвзагæй
ратæлмац кодта КОЛИТИ Витали.***

## ÆНУС ÆМÆ ИСДУГ

Нæ уарзын æз,
куы байдайынц æмпъузын
сæ уды бызгъуыртæ сæ иударон ныхæстæй...
Сæрибармæ куы раирвæзынц уыдон,
пæр-пæр кæнынц, гæлæбутау, фæлмæн.
Сты ардхæрæнтæ, сайæнтæ-цыдæртæ,
фæйнæрдæмыты пуртитау ысхъиуынц...
Æнæджелбетт быдзæу цинтæ-кæлæнтæ
кæйдæр æгæрон сау хъыгыл ныххуырсынц.
Кæнынц цъаммарæн номарæнтæ, цыт,
сыгъдæгмæ та цъыф дзæмбытæй лæбурынц,
гадзрахатæй йыл рацæуынц, фæлывдæй,
йæ уаз цæсгом ын фидиссаг фæкæнынц,
гъе стæй йын хатыр ракурынц йæ мардæй.
... Лымæн дын уа, фыдгул дын уа – дæ разы
æрлæууыди, йæ рæстдзинад ын равзар.
Тæрхон хæссынмæ ма срог кæн дæхи,
дæ дзыхыл хæц, æнæууылд дзырдтæ ма скал,
æддæмæ-иу сæ ма рауадз, кæлмытау,
ныххурх сæ-иу кæ мидæгæй сæ хъузджы...
Æнхъæлмæ кæс, дæ зæрдæйæн йæ арфæй
рæстдзæвин ныхас цалынмæ ыстона.

***Уырыссаг æвзагæй
МАМЫКЪАТЫ Хъазыбеджы тæлмац.***



***ба сæ цæмæн хецæнтæ кæнунцæ? Æнæгъæнæй дæр интеллект æма зунд кæми гъæуй, уоми? Зундгонд философ Еленæ Рерих кæддæр уотæ загъта: «Æрцæуй силгоймаги догæ!..» Загъта ’й, дуйней райарæзтæй арази нæ уогæй, æма си æруагæс кодта, силгоймæгти разамунди фæрци хуæздæрмæ æййивд æрцæудзæнæй...»***

# ГУРЖИБЕКТИ Иринæ:

# «КУД ИДАРДБÆЛ ÆЙ ХУÆНХАГ ЛÆГÆН Æ ЗУНД, Æ УОД ДУЙНЕЙÆН УАРЗОНÆЙ КУ ГЪАРА!..»



**ГУРЖИБЕКТИ Иринæ (лæууй астæуæй) æ нийиергутæ æма е ’нсувæри хæццæ.**

Æмзæл – куд рæсугъд дурусон дзурд æй!.. Уæлдай зæрдæмæдзæугæ ба уæд исуй, æма адæймаги царди ку рабæрæг уй дзубандитæ æма гъуддæгути еудзийнадæй. Хъæбæрдæр ба е хауй исфæлдистадон косгутæмæ – аййев дзурдæй адæми ка разæнгард кæнуй.

Æма абони мæ бон æй федарæй зæгъун: нæ Исфæлдесæг кæд еске фæххайгин кодта царди гъуддæгутæ рæстзæрдæй хæссун æма адæми рæсугъд гъудитæй рæвдаун, уæд уонæй сæ фиццæгтæй æй Гуржибекти Геуæргий кизгæ Иринæ. Кæддæр раги е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Фæндуй мæ ехбæл дзонæгъæй бурун,*
*Фæндуй мæ стайау таргъæди хæтун,*
*Фæндуй мæ арвмæ уарий хæццæ ’стæхун…*
*Цума фæндун ци дзийнадæ ’й? Цæрун!..*

Цæрун… Æцæг фæрнæйдзаг цардæй. Федауцæ цардæй. Еци цæстæй кæсуй Иринæ æ исфæлдистадон нисанеуæгмæ, æ поэзий нисанæвæрд уомæй бæлвурд кæнуй. Е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ финсуй:

*Мæнгæ дуйней ци нæ ’й мæнгæ?*
*Поэзий дзæнгæрæг.*
*Айдагъ ма е дæттуй æууæнкæ…*
*Кæнуй хъилма дзæгæрæг…*

Æма хъилмай дзæгæрæг цæмæй рæзæ ма радта, цæмæй дуйнебæл азарæй ма рапурхæ уа, уобæл архайуй æ зундгин дзурдæй. Архайгæ ба уотæ æновудæй æма æвæллайгæй кæнуй, æма имæ адæймаг хицæ дæр æркæнуй – æ уоди æригондзийнадæ æма хъаурæмæ.

Райгурдæй Бакуй 1937 анзи 22 декабри. Æ фиццаг æмдзæвгитæ мухури фæззиндтæнцæ Бакуй скъолай æма нæуæгдзаути лагери фарсбæл газетти.

Æ киунугутæй еуей («Горы помнят») раздзурди уотæ финста: «1943… Мне шесть лет. Пионерский лагерь в пригороде Баку. Здесь не рвутся снаряды, не падают бомбы. Но нетвердой, неумелой рукой я вывела в стенгазете каракули:

*Я песню пою и Москву я люблю.*
*Пусть пуля ворвется в сердце врагу.*
*Пусть ярче горит пионерский костер.*
*Пусть шапки фашистов сгорят…*

Почему шапки? Наверное, особую мою ненависть вызывали каски немецких солдат, мелькавшие в документальных кадрах на экране.

Бабушка, застывшая от еще неосознанной потери, держащая в руках пилотку сгоревшего в танке сына. Газетная страница со статьей о Зое Космодемьянской. Голос Левитана. Скудный паек, принесенный мамой из рабочей столовой. Это была война…»

Мах хумæтæги нæ ракодтан Ирини имисуйнæгтæй аци хабæртти кой. Уомæн æма нæмæ уотæ кæсуй, цума абони дæр тугъд цæуй. Рæстдзийнадæбæл. Нæ адæми хуæздæр цардарæзти фæдбæл. Нæ Фидибæсти кадæ æма намуси сæрбæлтау. Нæ фидтæлтæ нин ци уодварни хæзнатæ ниууагътонцæ, уони кæдзосдзийнадæ багъæуай кæнунбæл. Æ еци раздзурди размæ Иринæ эпигрæфæн хумæтæги нæ нivвардта æ фурти хæццæ дзубандитæй мæнæ ауæхæн хабар:

*– Нана, тугъди адтæ?*
*– Гъо.*
*– Гæрр, уотæ зæронд дæ?*
*– Æз фронти нæ адтæн, тугъди ба еугурæйдæр адтан…*

Уотæ абони дæр тугъди ан. Æма ни гъæуама алкедæр æвдеса уоди федардзийнадæ. Мæнæ Гуржибекти Иринæ куд, уотæ сæрæнæй. Æ æригони бæнттæй ба абони уæнгæ.

Устур Фидибæстон тугъди фæсте Гуржибекти бийнонтæ Бакуйæй ралигъдæнцæ Дзæуæгигъæумæ, ами Иринæ æнтæстгинæй каст фæцæй 27-аг астæуккаг скъола. Уой фæсте ба – Мæскуй М.В. Ломоносови номбæл паддзахадон университети филологон факультет.

Гуржибекти Иринæ 1961 анзи косун райдæдта республикон газет «Социалистическая Осетия»-йи (абони «Северная Осетия»). Æхе равдиста арæхстгин, искурдиадæгин журналистæй, æма ’й тагъд рæстæги фæсте иснисан кодтонцæ газети культури хайади сæргълæууæгæй.

Иринæ газети косгæй е ’ргом уæлдай хъæбæрдæр ба æздахта поэзимæ. Æ публицистон уацти хæццæ е ’мдзæвгитæ, поэмитæ ахид мухури цудæнцæ нæ республики газетти, журналти æма центрон мухури дæр. Е ’мдзæвгитæй ин еу цикл нæ бæсти æригон искурдиадæгин поэтти еумæйаг æмбурдгонд «Зар, бæллец æма уарзт»-мæ дæр бахастонцæ, æма уоми æ муггаг Бэллæ Ахмадулинайи æма иннæ зундгонд поэтти фарсмæ ку фæууидта, уæд æ зæрдæ æгæрон цийнæдзийнади байдзаг æй, æма е ’ргом никки хъæбæрдæр раздахта поэзимæ.

Поэт æ зæрди уедæгтæй ци уадзимистæ финста æма финсуй абони дæр, етæ урух над иссирдтонцæ адæми зæрдитæмæ. Кæрæдзей фæдбæл ин мухури фæззиндтæнцæ æ поэтикон уадзимисти æмбурдгæндтæ: «След на тропе», «Пожелай добра», «Родные черты», «Жажда непокоя», «Горы помнят», «108 мыслей о стиле рубай», «Люди и горы»… Композитортæй ин беретæ æ поэтикон уадзимистæмæ гæсгæ ниффинстонцæ дæс æма инсæй заремæй фулдæр. Ирини æмдзæвгитæй беретæ тæлмацгонд æрцудæнцæ украинаг, болгайраг, англисаг æма æндæр фæсарæйнаг æвзæгутæмæ.



**Къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Цæгат Иристони адæмон поэт ГУРЖИБЕКТИ Иринæ, Цæгат Иристони театралон аййевади музейи директор СÆЛБИТИ Беллæ, Уæрæсей Федераций адæмон хузæгæнæг ЧЕЛÆХСАТИ Магрез, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг ГÆЗДÆНТИ Зарæ.**

Гуржибекти Ирини исфæлдистадæ ’й берæвæрсуг. Æ лирикон хъайтар æй хуæдæфсармæ, федар æма хъаурæгин, Терки æмбохгæ дони уолæнти хузæн æмпурсуй размæ. Æ хъайтар уæлдай æнæкæрондæр уарзтæй ба уарзуй æ райгурæн Иристон æма æ цъетегун хуæнхтæ.

Поэтæн æ раттæг Иристон уотæ хъазар æй æма ’й дундуйнетæбæл нециуавæр хæзнатæбæл баййевдзæнæй:

*Ирыстон… Æвзонг хæххон сылгоймаг –*
*Æрыгон чындз дæ – мæ урссæр мад,*
*Чысыл дæ, фæлæ дæ цъупмæ*
*Нæу сæххæссын мæ бон.*

Поэтæн Иристон кæд æгæрон хъазар ’й, хецæн уарзтæй æй уарзуй, уæддæр æй нæ еумæйаг Фидибæстæй нæ хецæн кæнуй. Поэзий сауæдони игурæнтæ кæцæй цæунцæ, æмдзæвгитæ финсунмæ дæ хъæбæрдæр ци исразæнгард кæнуй, зæгъгæ, Ирини ку бафарстан, уæд нин уæхæн дзуапп равардта:

– Поэзий исæнтæсунбæл политикæ хæццæ æма æхсæнадон царди хабæрттæ æма цаутæ уæддæр ести хузи ку фæббæрæг уонцæ, фал æ бæрзондзиæйнадæ ба æгириддæр уонæй арзагæ нæй, уомæн ин уони хæццæеумæйагæй неци ес. Æмдзæвги рæнгъитæ райгурунцæ зæрди арфæй. Поэзий сауæдонæ ба ’й поэти зæрдæ. Поэзий над дæр уордигæй райдайуй. Адæймагæн æ тухгин æнкъарæнтæ, бæлдитæ, сагъæстæ зæрди арфи ку нæбал фæццæунцæ, уæд дæ ку нæ фæндæуа, уæддæр сæхуæдтæ сæхецæн реуæй æндæмæ над райгæрдунцæ æма уорс бæлæути хузæн истæхунцæ уæларвмæ. Царди ести тухгин нинкъуститæ, æверхъау цаутæ, бæлæхтæ ку ’рцæуй, уæд адæмæй ка кæугæ фæккæнуй, ка тарсти ахæсти бахауй. Поэт ба уæхæн уæззау рæстæги æ зæрди туппуртæ исуадзуй æмдзæвгитæ финсунæй.

*Ку фенай хур сæумæраджы – фæхуд,*
*Ку фенай стъалы мæйдары – фæхуд.*
*Æууæнд æмгар: æрвдунейы тъæпæнты*
*У алы стъалы, алы дур дæр уд.*

Берæ дзорæн ес Гуржибекти Ирини берæвæрсуг исфæлдистади туххæй. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма æ исфæлдистади ин сæйрагдæр æнцæ, ци Зæнхæбæл райгурдæй æма исгъомбæл æй, уоми ин нæ Исфæлдесæг ци дзилли хæццæ цæрун исаккаг кодта, уони æхсæнхæлардзийнади æма æнсувæрдзийнади муггæгтæ таун.

